



Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ REZISTANS NAN VIL YATES,  
NAN KONTE ORLEANS**

*Pwojè amelyorasyon pak ki koute 2.5 milyon dola a pral diminye inondasyon alavni; mizajou nan zòn lwazi popilè yo pral benefisye rezidan yo ak vizitè yo nan reyon an*

*Yo te akòde sibvansyon pwojè a atravè Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik Eta a*

*Foto pwojè ki fini a disponib [isit la](#)*

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse konstriksyon an fini nan yon pwojè rezistans ki koute 2.5 milyon dola yo te akòde bay Vil Yates, nan Konte Orleans, nan kad [Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik](#) (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI) Eta New York la. Pak Vil Yates la sèvi kòm sèl espas lwazi piblik ki gen aksè dirèk nan Lak Ontario, ak plis pase demi kawo tè espas ouvè pou lwazi, ki gen ladan yon paviyon ak zòn piknik, epi nouvo pwojè a pral enpòtan nan ede anpeche domaj inondasyon alavni nan pak la epi pwoteje ekonomi lokal la.

"Anpil kominote New York yo kontinye gen risk efè chanjman klimatik yo, epi pwojè tankou sa yo pi byen pwoteje kominote bò rivaj nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pwojè ekspansyon Pak Vil Yates la pral ogmante mezi pwoteksyon kont inondasyon ak amelyore rezistans sou rivaj la pou ede pwoteje biznis ak rezidan yo, amelyore sekirite piblik la ak estimile devlopman ekonomik".

Pak la se yon destinasyon popilè pou rezidan ak vizitè yo ak pandan inondasyon istorik la an 2019, pak la te eksperimante ewozyon konsiderab sou rivaj la. Espas lwazi a te inonde avèk dlo akòz move kondisyon drenaj, sa ki te poze risk sekirite pou moun ki renmen ale nan pak ak anpeche itilizasyon pak la. Pwojè rezistans ki fini atravè pwogram REDI a pral estabilize litoral la, diminye inondasyon alavni, epi asire aksè kontinyèl nan Pak Vil Yates la pandan evènman gwo dlo yo. Mezi rezistans ak amelyorasyon pak nan pwojè a gen ladan yo:

- Amelyorasyon nan sistèm drenaj pak la ak nan sistèm jesyon dlo lapli pou rezoud pwoblèm drenaj ak etan grav yo;

- Estabilizasyon litoral nan ranp lansman bato a;
- Enstalasyon yon ranp lansman kayak;
- Konstriksyon yon waf ki bay aksè ak lapèch/dlo ki konfòme ak ADA;
- Enstalasyon nouvo ekipman lwazi, yon santye pou pyeton, nouvo paviyon, ak enstalasyon twalèt;
- Ekspansyon zòn pakin pak la; ak
- Amelyorasyon peyizaj ak espas vèt.

**Sekretè Deta Eta New York la, Robert Rodriguez, te deklare,** "Fè vwa navigab nou yo aksesib pou rezidan yo ak touris yo enpòtan anpil pou nenpòt ekonomi lokal. Gras a pwogram REDI, amelyorasyon ak mizajou nan Pak Vil Yates la pral asire bò lanmè a pwoteje kont inondasyon alavni yo, men tou, yo pral fè yon pi bon eksperyans lwazi pou tout vizitè li yo pou jenerasyon k ap vini yo".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la ak Ko-Prezidan Komisyon REDI a, Basil Seggos, te deklare,** "Avèk sipò Gouvènè Hochul, envèstisman REDI New York yo ap reyimajine ak rekonstwi avèk siksè enfrastrikti ki andomaje akòz inondasyon yo, k ap ede ankouraje touris epi devlope nouvo opòtinite ekonomik nan kominote bò rivaj Lak Ontario yo. Amelyorasyon nan Pak Yates la pral bay rezidan yo plèzi pandan plizyè ane, pandan y ap atire nouvo vizitè nan rejyon an".

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Sa a se yon trè bon nouvèl pou kominote Yates la. Mwen felisite patnè eta ak lokal yo paske yo travay pou fè Pak Vil Yates la vin pi an sekirite, pi rezistan ak pi aksesib pou kominote a".

**Ko-Prezidan Inisyativ Devlopman Ekonomik la ak Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Kreyasyon espas se yon poto enpòtan nan estrateji devlopman ekonomik New York. Fè Pak Vil Yates la pi rezistan non sèlman amelyore espas piblik bèl sa a pou rezidan yo ak vizitè yo jwenn aksè nan Lak Ontario, men tou asire bòdmè rejyon an kontinye kontribye nan ekonomi lokal la".

**Senatè Eta a Robert Ortt te deklare,** "Pandan n ap selebre bisantnè Vil Yates la, nou selebre tou achèvmman ak ouvèti yon bèl nouvo espas vèt pou fanmi yo nan kominote nou an. Non sèlman Pak Vil Yates la pral sèvi kòm yon bon kote pou rezidan yo rasanble epi pase tan ansanm, men li pral ofri tou pwoteksyon kont inondasyon Lak Ontario gras a estabilizasyon rivaj la ki enkòpore nan pwojè REDI sa a. Achèvmman pwojè sa a se yon bèl egzanp sou fason Komisyon REDI a kapab aplike estabilizasyon rivaj la pandan l ap konbine li ak yon gwo pwojè itilizasyon kominote".

**Manm Asanble Steve Hawley te deklare,** "Amelyorasyon sa yo nan Pak Vil Yates la pral ede l vin yon destinasyon famiyal ki pi aksesib, an sekirite epi amizan pase toutan. Mwen byen kontan ke pwojè sa yo pral byento fini pou moun ki toupre ak byen lwen yo jwi epi mwen espere ke yo pral ankouraje moun nan lokalite yo pase yon jounen nan pak la ak moun yo renmen byento".

**Prezidan Lejislati Konte Orleans lan, Lynne Johnson, te deklare,** "Pandan n ap kontinye fini pwojè REDI nan Konte Orleans, mwen vle remèsye Gouvènè a ak Komisyon REDI pou sipò yo kontinye bay pandan n ap fòtifye enfrastrikti bò lak nou an pou rann li pi rezistan nan pwochen evènman gwo dlo yo nan Lak Ontario. Pwojè sa a non sèlman amelyore rezistans nou nan evènman gwo dlo, men li te amelyore kalite lavi pou manm kominote nou an nan bay enfrastrikti lwazi serye ak itil pou tout moun jwi".

**Sipèvizè Vil Yates la, James Simon, te deklare,** "Ki pi bon fason pou selebre 200yèm anivèsè fondasyon Vil Yates pase koupe riban nan bèl pak vil nou an ki byen renove sou Lak Ontario? Nou rekonesan pou patenarya ak sipò Gouvènè Kathy Hochul ak Komisyon REDI a pandan n ap navige atravè pwojè sa a depi nan konsepsyon rive nan achèvmman li".

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Eta New York te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote sou rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk (5) Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit (8) Konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Atravè REDI a, Eta a te angaje jiska 300 milyon dola a, pou benefisye kominote yo ak amelyore rezistans nan rejyon ki gen tandans sibi inondasyon olon Lake Ontario ak St. Lawrence River yo.

Depi kreyasyon pwogram REDI Eta a nan sezon prentan 2019 la, 134 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo kòmanse, sa ki gen ladan 52 pwojè nan faz konsepsyon, 40 pwojè nan faz konstriksyon ak 42 pwojè ki fini.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, pwofil pwojè yo ak nouvèl sou REDI klike [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418